



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Tajahiyah Sanqka Simbah

Hadiah dari Kakek



B2



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023

Hadiyah Sanqka Simbah

Hadiah dari kakek

Penulis : Utami Panca Dewi

Ilustrator : Angga Yuniar Santosa

Penerjemah: Utami Panca Dewi

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**HADHIYAH SANGKA SIMBAH
(HADIH DARI KAKEK)**

Penulis : Utami Panca Dewi
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa
Penerjemah : Utami Panca Dewi
Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih
Penata letak: Angga Yuniar Santosa

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-450-0 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 14-18.
ii, 20 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY


Dwi Pratiwi

Hadhiyah Sangka Simbah



Ruri diajak Ibu sowan
Simbah ana ing desa.
Ora saben dina Ruri bisa
ketemu Simbah.
Simbah nate janji bakal
maringi hadhiyah
istimewa.
Mulane Ruri bungah
banget.

Ruri diajak Ibu pergi ke
rumah Kakek di desa.
Tidak setiap hari Ruri
bisa bertemu Kakek.
Kakek pernah berjanji
akan memberi hadiah
istimewa. Makanya Ruri
senang sekali.



**Tangane Ruri dikanthi
Simbah. Dheweke diajak
menyang kebon. Ing kebon
ana uwit blimming wuluh.
Wohe sing kecut pating
grandhul, nyenengake.**

**“Blimbing wuluh?” Ruri
ngematake wohe karo
pringisan.**

**Tangan Ruri
digandeng Kakek.
Dia diajak masuk ke kebon.
Di kebon, ada pohon
belimbing wuluh.
Buahnya yang masam
bergelantungan,
menarik hati.**

**“Belimbing wuluh?” Ruri
memperhatikan buahnya
sambil meringis.**



**Tekan kebon tela kaspa,
Simbah mandheg.**

**“Badhe pados pakan
menda?” pitakone Ruri
karo ngguyu.**

**Simbah gedheg maneh
karo melu ngguyu.**

**Sesampainya di kebun
singkong, Kakek
berhenti.**

**“Mau mencari makanan
kambing?” tanya Ruri
sambil tertawa.**

**Kakek menggeleng lagi,
sambil ikut tertawa.**



Purrr....
**Ana kinjeng mabur
lan mencok ing
godhong tela.
Ruri gage ngencup,
pengin nyekel. Kinjeng
mabur maneh
sadurunge bisa
diencup.**

Purrr
**Ada capung terbang
dan hinggap di daun
singkong. Ruri segera
mengulurkan tangan,
ingin menangkap.
Capung terbang lagi
sebelum bisa
ditangkap.**



**Simbah ndhawuhi Ruri
supaya methiki godhong
tela kang wis tuwa.
“Kaliyan gagangipun,
Mbah?” pitakone Ruri.
Simbah manthuk-
manthuk.**

**Ruri bingung, apane sing
istimewa?**

**Kakek menyuruh Ruri
agar memetik beberapa
daun singkong yang tua.
“Dengan tangkainya,
Kek?” tanya Ruri.
Kakek mengangguk.**

**Ruri kebingungan,
apanya yang istimewa?**



**Ruri karo Simbah
enggal bali mulih.**

**Ing tangane Ruri wis
ana godhong tela rong
gegem.**

**Mangkono uga ing
astane Simbah.**

**Ruri dan Kakek segera
pulang ke rumah.**

**Di tangan Ruri sudah
ada dua genggam daun
singkong.**

**Demikian juga
di tangan Kakek.**



**Teka emper, godhonge
dipe ing ngisor caya
srengenge.**

**Godhong tela diselehake
ing jobin, banjur
ditegake.**

**Ngendikane Simbah
godhonge ben alum.**

**Ruri jengkel semu
gumun.**

**Sampai di teras,
daunnya dijemur di
bawah cahaya matahari.**

**Daun singkong
diletakkan di lantai, lalu
didiamkan.**

**Kata Kakek biar
daunnya layu.**

**Ruri kesal bercampur
heran.**



**Simbah ngajak Ruri enggal
gawe hadhiyahe.
“Saking ron alum?” Ruri
takon semu protes.**

**Ngendikane Simbah supaya
nalika dianam, gagange
ora gampang coklek.
Simbah milih godhong kang
gagange dawa, cacahe loro.
Siji dianggo dhewe, sijine
kanggo Ruri.**

**Gagang paling dawa
kanggo nggawe dhasar
badan.
Simbah arep nggawe
bonekah?**

**Kakek mengajak Ruri untuk
segera membuat hadiahnya.
“Dari daun layu?” Ruri
bertanya sedikit protes.**

**Kata Kakek agar saat
dianyam, tangkainya tidak
gampang patah. Kakek
memilih daun yang
tangkainya panjang,
sebanyak dua buah. Satu
untuk dirinya, satu untuk
Ruri.**

**Tangkai paling panjang
dipakai untuk membuat
bagian badan. Kakek mau
membuat boneka?**



**Simbah banjur
ndhawuhi Ruri njupuk
godhong tela, cacahe
nem. “Iki kanggo
nggawe sirah,”
ngendikane Simbah.**


**Gagang banjur dianam,
diemperke sirah
wayang.**

**Ruri dadi tambah pengin
weruh, kepriye mengko
dadine.**

**Kakek lalu menyuruh
Ruri mengambil daun
singkong sebanyak enam
tangkai. “Ini untuk
membuat kepala,” kata
Kakek.**

**Lalu tangkai dianyam,
diserupakan kepala
wayang.**

**Ruri semakin penasaran,
seperti apa nanti
jadinya.**



Banjur Simbah mundhut godhong maneh rong ler. Ngendikane Simbah, “iki kanggo nggawe tangane wayang.”

Lembaran godhonge dipethiki, pucuke diturahi sethithik. Gagang banjur dislepane ing ngisor nam-naman sirah.

Lalu Kakek mengambil daun lagi sebanyak dua tangai. Kata Kakek, “Ini untuk membuat tangan wayang.”

Helaian daunnya dihilangkan, ujungnya disisakan sedikit. Kemudian, tangai diselipkan di bawah anyaman kepala.



**Gagang sisane
nam-naman sirah,
didadekake telu, banjur
diklabang. Gagang
diklabang amrih bisa
diemperake badane
wayang.**

**Lembaran godhong tela
ditata, persis jarik kang
dianggo wayang. Ruri
sangsaya kasengsem.
Ruri sangsaya gedhe
tekade pengin age-age
ngrampungake nam-
namane.**

**Tangkai sisa anyaman
kepala dibagi menjadi
tiga, lalu dikepang. Daun
dikepang agar bisa
diserupakan badan
wayang.**

**Helaian daun singkong
ditata, diserupakan kain
yang dipakai wayang.
Ruri semakin tertarik.
Ruri semakin besar
tekadnya untuk segera
menyelesaikan
anyamannya.**



**Kang pungkasan, Simbah
mundhut godhong tela siji
maneh.**

**Lembaran godhong diilangi
kabeh.**

**Gagange banjur ditalekake
ing antarane badan lan jarik.**

**“Hore, wayangipun sampun
dados, Mbah!” Ruri mbengok
karo lunjak-lunjak.**

**“Durung!” Simbah munggel
ukarane Ruri.**

Ruri mleruk.

**Terakhir, Kakek mengambil
daun singkong satu lagi.**

**Helaian daunnya dihilangkan
semua.**

**Lalu, tangkainya ditalikan di
antara badan dan kain.**

**“Hore, wayangnya sudah
jadi, Kek!” Ruri berseru
sambil melompat-lompat.**

**“Belum!” Kakek memotong
kalimat Ruri.**

Ruri cemberut.



**Simbah nekuk perangan
tangan. Saiki nam-
naman wis persis karo
wayang kang sabenere.**

**Ruri nyawang suwe
nam-naman godhong
tela kang bar digawe.
Rasane ora pracaya
menawa dheweke bisa
nggawe wayang.**

**Hadhiyah sangka
Simbah pranyata bener-
bener istimewa.**

**Kakek menekuk bagian
tangan.
Sekarang anyaman sudah
serupa dengan wayang
yang sebenarnya.**

**Ruri menatap lama
anyaman daun singkong
yang baru saja dibuatnya.
Rasanya tidak percaya
bahwa ia bisa membuat
wayang.**

**Hadiyah dari Kakek
ternyata benar-benar
istimewa.**



**Ruri lan Simbah nggawe
wayang siji maneh.
Saiki wayange dadi
papat.**

**Ngendikane Simbah
wayang kang dawa
dhewe asmane Srikandi.
Wayang cacah telu
liyane mujudake
prajurit wadon.**

**Simbah uga nggawe
nam-naman wayang
awujud Naga Pracona.
Ana siji maneh nam-
naman godhong tela
kang persis gunungan.**

**Ruri dan Kakek membuat
wayang satu lagi.
Sekarang wayangnya
menjadi empat.**

**Kata Kakek wayang yang
paling panjang bernama
Srikandi.
Tiga wayang lainnya
merupakan prajurit
perempuan.**

**Kakek juga membuat
anyaman wayang yang
menyerupai Naga
Pracona. Ada satu lagi
anyaman daun singkong
yang mirip gunungan.**



Simbah lenggah ing cedhak mori kang semampir ing gawangan. Jebule Simbah arep ndhalang.

Morine dianggep kelir. Simbah nyariosake lakon *Srikandi Sang Senopati*.

Ruri wis kerep dicritani lakon kuwi. Dheweke nganti apal.

Kakek duduk dekat kain mori yang tersampir di gawangan. Ternyata Kakek akan mendalang.

Kain morinya dianggap kelir. Kakek menceritakan lakon *Srikandi Sang Senopati*.

Ruri sudah sering didongengkan lakon itu. Dia sampai hafal ceritanya.



**Nanging jebule beda yen
ndongenge nganggo
wayang godhong tela.
Critane dadi tambah
urip.**

**Ruri keplok-keplok
bungah nalika Naga
Praconane kalah.
Srikandi kasil mimpin
sabregada prajurit
wadon.**

**Tetapi ternyata berbeda
jika mendongengnya
menggunakan wayang
daun singkong.
Ceritanya menjadi lebih
hidup.**

**Ruri bertepuk tangan
gembira ketika Naga
Pracona kalah.
Srikandi berhasil
memimpin sepasukan
prajurit perempuan.**



**“E.. iadalah, kok putune
malah diajak dolanan
neng kene?”**

**Dumadakan Mbah Putri
njedhul sangka pawon.**

**“Jenengan mang ngalih
riyin, kula ajeng
mbathik!” gremenge
Mbah Putri.**

**Simbah manthuk-
manthuk. Kabeh
wayange age-age
dijupuk.**

**Ruri ngampet ngguyu
karo nutupi tutuk.**

**Dhalange wis kukud lan
kudu mantuk.**

**“Walah, kok cucunya
malah diajak bermain di
sini?” Tiba-tiba Nenek
muncul dari dapur.**

**“Pindahlah, Kek. Aku
mau membatik!” kata
Nenek.**

**Kakek mengangguk.
semua wayangnya
segera diambil. Ruri
menahan tawa sambil
menutup mulutnya.**

**Dalangnya sudah selesai
dan harus pulang.**



Biodata

Penulis : Utami Panca Dewi

Lahir di Kulon Progo, 10 Juni 1973

Alamat (KTP) : Jl. Jangli Krajan No. 33, Rt 008, Rw 006,

Karanganyar Gunung, Candisari, Semarang

Alamat domisili: Jl. Tmn Lembayung, No. 41, Rt 04, Rw 04,
Sendangguwo, Tembalang

Semarang, 50273

No. HP/WA : 085903702167

Ilustrator : Angga Yuniar Santosa. Full time Ilustrator yang tinggal di Sedayu Bantul, aktif berkarya seni dan berpameran seni rupa. Sering mengisi kelas-kelas mengajar maupun workshop seni di berbagai ruang pendidikan dan umum. Kontak hubung WA 082227597591

Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih. Lahir di Sleman pada 25 Juli. Pernah menyunting beberapa naskah cerita pendek. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.





MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

**Ruri ingin tahu hadiah
istimewa dari Kakek.**

La kok Kakek malah mengajak

ke kebun singkong?

Kakek menyuruh Ruri memetik

daun singkong yang sudah

tua. Lalu daunnya dijemur

di teras.

Sebetulnya hadiah

istimewanya itu berwujud

apa?

ISBN 978-623-112-450-0 (PDF)



9 786231 124500



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023